

Vaksen (piki) se youn nan zouti nou genyen pou nou konbat pandemi KOVID-19 la



Pou kanpe pandemi sa a, nou bezwen sèvi ak tout zouti prevansyon nou yo. Vaksen yo se youn nan zouti ki pi efikas pou pwoteje sante w ak evite maladi. Vaksen yo travay avèk defans natirèl kò w, konsa **kò w ap pare pou konbat viris la**, si ou ekspoze (yo rele sa iminite tou). Lòt etap, tankou mete yon mask ki kouvri nen ou ak bouch ou epi rete omwen 6 pye distans ak lòt moun ki ap viv menm kote avèk ou, ede tou sispann pwopaje KOVID-19.

Etid yo fè montre ke vaksen KOVID-19 **yo trè efikas** pou evite ou trape KOVID-19. Ekspè yo panse tou pran yon vaksen KOVID-19 ka ede evite w tonbe maladi grav menm si ou pran KOVID-19. Vaksen sa yo pa ka ba ou maladi a.



Vaksen yo san danje. Sistèm sekirite vaksen Etazini an asire ke tout vaksen yo san danje nan mezi ke sa posib. Tout vaksen KOVID-19 ke yo te itilize yo te pase nan menm tès sekirite yo epi yo satisfè menm estanda ak nenpòt lòt vaksen yo te pwodui nan ane sa yo. Yon sistèm an plas nan tout peyi a ki pèmèt CDC siveye pwoblèm sekirite epi asire vaksen yo rete san danje.



Diferan kalite vaksen KOVID-19 pral disponib. Yo bay pifò nan vaksen sa yo an de dòz, youn alafwa epi yo kite tan pase avan lòt la. Premye piki a prepare kò w. Yo bay dezyèm piki a pou pi piti nan twa semèn apre pou asire ke ou gen pwoteksyon total. Si yo di w ou bezwen de piki, asire w ke ou pran tou de. Vaksen yo ka travay nan fason ki yon ti jan diferan, men tout kalite vaksen yo ap ede pwoteje ou.



Vaksen yo gendwa lakòz efè segondè kay kèk moun, tankou misk fè mal, fatig, oswa lafyèy lejè. Reyaksyon sa yo vle di vaksen an ap travay pou ede montre kò ou kijan pou konbat KOVID-19 si ou ekspoze. Pou pifò moun, efè segondè sa yo ap dire pa pi lontan pase yon jou oswa de. **Lefèt ke w genyen efè segondè sa yo PA vle di ke ou gen KOVID-19.** Si ou gen kesyon sou sante ou apre w fin pran piki a, rele doktè, enfimyè, oswa klinik ou a. Menm jan pou nenpòt medikaman, li ra men posib pou gen yon reyaksyon grav, tankou pa kapab respire. Li difisil anpil pou sa rive, men si sa rive, rele 911 oswa ale nan sal ijans ki pi pre a.



Lè w ap pran vaksen an, ni oumenm, ni travayè swen sante a ap bezwen mete mask.

CDC rekòmande pou pandan pandemi an, moun mete yon mask ki kouvri nen ak bouch nou lè nou an kontak ak lòt moun andeyò lakay nou, lè nou nan sant swen sante, ak lè n ap resewva nenpòt vaksen, sa ki gen ladan vaksen KOVID-19 tou.



Menm apre ou fin pran vaksen an, w ap bezwen kontinye mete yon mask ki kouvri nen ou ak bouch ou, lave men ou souvan, epi rete omwen 6 pye distans ak lòt moun ki ap viv menm kote avèk ou. Sa bay oumenm ak lòt moun pwoteksyon ki pi bon pou evite w pran viris la. Kounye a, ekspè yo pa konnen pandan konbyen tan vaksen an ap pwoteje ou, kidonk li se yon bon lide pou kontinye swiv direktiv CDC ak depatman sante ou. **Nou konnen tou se pa tout moun ki pral kapab pran vaksen touswit, kidonk li enpòtan toujou pou pwoteje tèt ou ak lòt moun.**